WIKIPÉDIA

Basa Tolaki

Tolaki	
Tololaki, To'olaki, Lolaki, Laki, Tokia	
Asal	Indonésia
Laladan	Sulawesi Kidul-Wétan
Panyatur asli	330.000 (2000)[1]
Kulawarga basa	Austronésia ▪ Malayu-Polinésia ▪ Sélébik ▪ Sélébik Wétan ▪ Sélébik Kidul-Wétan ▪ Bungku-Tolaki ▪ Bungku-Tolaki Barat ▪ Pasisir Kulon ▪ **Tolaki**
Aksara	Latin
Kodhe basa	
ISO 639-3	`lbw`
Glottolog	tola1247 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/tola1247)[2]

Basa Tolaki ya iku salah siji basa sing dicaturaké ing tlatah pagunungan Mékongga, Sulawesi Kidul-Wétan, Indonésia. Basa iki déning A.C. Kruyt digolongaké sajeroning kulawarga basa Bungku-Tolaki, déné déning J. Esser digolongaké sajeroning kulawarga basa Bungku bareng basa liyané kaya ta basa Maputé, Landawé, Moronéné, lan Laiwui.[3] Basa Tolaki iki nduwéni telung unggah-ungguh basa, ya iku basa golongan ningrat (*tuluri anakia*), basa golongan madya (*tulura lolo*), lan basa golongan batur tukon (*tulura ata*).[3]

Dhialèk

Basa Tolaki nduwéni sawatara dhialèk, ya iku:

- Wiwirano (Nohina)
- Aséra (Aséra Wanua, Noié)
- Konawé (Kendari, Tambuoki, Kioki)
- Mékongga (Kolaka, Bingkokak, Norio, Tamboki, Konio)
- Laiwui

Miturut Edwards, dhialèk Mèkongga ya iku dhialèk sing diajèni (duwé prèstise).[4] Dhialèk Mèkongga iki dicirèni minangka *basa alus*, déné dhialèk Konawé dicirèni minangka *basa kasar*.[4] Panyatur basa Tolaki adaté ngarani warna-warna dhialèk sing ora lumrah kanggo dhèwèké minangka dhialèk Mékongga, kalebu basa sing dienggo sajeroning upacara adat.[4]

Cathetan sikil

1. Tolaki (http://www.ethnologue.com/language/lbw) ing *Ethnologue* (éd. ka-18, 2015)
2. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Tolaki" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/tola1247). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
3. Melalatoa 1995, k. 867.
4. Edwards 2012, k. 2.

Rujukan

- Edwards, Owen (2012). *Grammatical Functions in Tolaki*. Australia: Thesis Australian National University.
- Melalatoa, M.Junus (1995). *Ensiklopedi Suku Bangsa di Indonésia Jilid L-Z* (https://books.google.co.id/books?id=FbGECgAAQBAJ). Jakarta: Direktorat Jenderal Kebudayaan.

D · R · B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Kulawarga_basa_Bungku-Tolaki&action=edit)

Kulawarga basa Bungku-Tolaki

Bungku-Tolaki Kulon	**Pasisir Kulon**	Kodéoha · Rahambuu · Tolaki · Waru
	Punjer	Mori Dhuwur · Padoé · Tomadino
Bungku-Tolaki Wétan	**Pasisir Wétan**	Bahonsuai · Bungku · Koroni · Kalisusu · Mori Isor · Taloki · Wawonii
	Moronéné	

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Tolaki&oldid=1493290"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 08.25, 25 Sèptèmber 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.